

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XII MIPA-2 di SMA Negeri 1 Singaparna Kabupaten Tasikmalaya Taun Ajaran 2016/2017, anu jumlah siswana aya 31 urang, ngawengku 22 urang awéwé jeung 9 urang lalaki.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain anu dijadikeun dasar dina ieu panalungtikan nyaéta Penelitian Tindakan Kelas (PTK), anu diadaptasi tina modél PTK Kurt Lewin, modél nu dimekarkeun ku Arikunto, aya opat komponén dina konsép poko PTK nyaéta: rancangan, prak-prakan, obsérvasi, jeung réfléksi. Nurutkeun Samsudin jeung Vismaia (2009, kc. 228) Penelitian Tindakan Kelas nyaéta wangun panalungtikan anu dilakukeun sacara kolaboratif jeung partisipasif. Hartina ieu panalungtikan dilakukeun henteu nyorangan tapi babarengan jeung batur sakelompok nu miboga kahayang nalungtik ngeunaan pasualan.


Nurutkeun Arikunto (2009, kc. 3) Penelitian Tindakan Kelas nyaéta salasahiji kagiatan naliti diajar-ngajar nu mangrupa tindakan, lumangsungna ieu kagiatan dihaja dilaksanakeun dijero kelas sacara babarengan antara guru, obsérver, jeung siswa.

Sedengkeun nurutkeun Wiriaatmadja (2006, kc. 12) nétélakeun yén Penelitian Tindakan Kelas nyaéta kumaha sakelompok guru bisa ngaorganisasikeun kondisi prakték pangajaran, jeung diajar tina pangalaman nu geus kaalaman.

Nurutkeun Sanjaya (2009, kc. 33) tujuan Penelitian Tindakan Kelas nyaéta ngaronjatkeun kualitas prosés jeung hasil diajar. Anapon pasualan anu ditalungtik dina PTK nyaéta pasualan anu sipatna praktis. Ku kituna, guru mangrupa subjék tina prosés alur PTK.

Cindekna, Penelitian Tindakan Kelas atawa *Classroom Action Research* nyaéta panalungtikan tindakan dina widang atikan nu dilaksanakeun dijero kelas sacara babarengan ogé silih rojong jeung batur sakelompok nu miboga tarékah

nalungtik ngeunaan pasualan kalawan miboga tujuan menerkeun jeung ngaronjatkeun kualitas pangajaran diajar-ngajar.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan
Arikunto (2010, kc. 16)

Dina ieu panalungtikan dimimitian ku tahap perencanaan (*planning*), pelaksanaan (*action*), obsérvasi (*observing*), jeung réfléksi (*reflect*). Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan baris dipedar saperti ieu dihandap.

a. Tahap Nyusun Rarancang (*Planning*)

Rarancang pangajaran siklus I jeung siklus II ngalakukeun kagiatan :

- a) nyusun RPP pangajaran nulis téks drama kalawan ngagunakeun modél *Explicit Instruction*;

- b) tatahar dina sumber diajar, modél pangajaran, jeung alat peragana saperti *infocus* jeung *speaker*;
- c) nyusun instrumén panalungtikan ku cara nyieun lambaran obsérvasi di antarana lambaran obsérvasi kana aktivitas guru, siswa, jeung format-format peniléyan.

b) Tahap Prak-prakan (*Action*)

Prak-prakan siklus kahiji dilaksanakeun poé Jum'at tanggal 20 Januari 2017, siklus kadua dilaksanakeun poé Jum'at tanggal 27 Januari 2017.

Dina ieu kagiatan, guru ngalaksanakeun prosés kagiatan kalawan ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction*.

Léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun ku guru dina kagiatan pangajaran ngagunakeun ieu modél téh nyaéta:

○ **Bubuka**

Kagiatan pangajaran dimimitian ku guru ngondisikeun siswa tuluy, guru méré pananya anu patalina jeung matéri nu baris ditepikeun. Sanggeus kitu, guru ngamotivasi siswa sangkan sumanget diajar sarta guru ngajelaskeun tujuan pangajaran jeung léngkah-léngkah dina pangajaran nulis téks drama.

○ **Kagiatan Inti**

Guru nepikeun matéri pangajaran nulis téks drama;

Guru medar unsur-unsur drama;

Siswa nyangkem kana matéri drama;

Siswa bisa ngajawab patalékan patalina jeung matéri anu geus dijelaskeun;

Guru mintonkeun video drama nu judulna “Kanyaah Kolot”;

Siswa prakték sacara individu kalayan ngalarapkeun unsur-unsur drama “Kanyaah Kolot” sababak kalayan diaping ku guru;

Guru ngecék pamahaman dina matéri drama sarta méré réspon balik ka siswa;

Guru méré koréksi kana kasalahan dina nulis téks drama;

Guru negeskeun deui matéri nulis téks drama anu geus ditepikeun;

Guru méré kasempetan ka siswa pikeun nanya.

○ **Kagiatan Ahir**

Ngondisikeun siswa;

Guru jeung siswa ngaévaluasi hasil pangajaran;

Guru méré tugas (PR).

c) Tahap Obsérvasi (*Observing*)

Dina ieu kagiatan anu baris dilakukeun ku panalungtik nyaéta niténan prosés pangajaran. Salila prosés pangajaran lumangsung, panalungtik niténan sarta ngarékam kana hal-hal anu kapanggih salila lumangsungna prosés pangajaran. Dina tahap niténan panulis dibarengan ku Ade Risna Suhendi S.Pd, M.Pd guru basa Sunda di SMA Negeri 1 Singaparna salaku obsérver. Anjeunna niténan sarta ngagunakeun lambaran pengamatan anu geus disadiakeun dina lumangsungna kagiatan diajar.

d) Tahap Réfléksi (*Reflect*)

Panalungtik jeung obsérver babarengan ngalakukeun analisis jeung réfléksi kana tindakan pangajaran. Dina ieu tahap dilakukeun kagiatan mariksa hasil karya siswa, data hasil niténan kagiatan diajar-ngajar, niténan kana kagiatan siswa salila lumangsungna kagiatan diajar, jeung neuleuman rarancang pangajaran. Hasil analisis jeung réfléksi tindakan panalungtikan dijadikeun dasar rékomendasi hasil siklus II.

Léngkah satuluyna nganalisis hasil diajar nulis téks drama di SMA:

- 1) Nganalisis hasil diajar karangan siswa dumasar kana aspék eusi, organisasi, tatabasa, kandaga kecap, jeung éjahan pikeun ngadéskripsikeun sacara kualitatif kamampuh siswa dina ngamekarkeun karangan nu dijadikeun bahan dasar tinimbangan peniléyan karangan téks drama;
- 2) Ngajén karangan siswa nurutkeun Nurgiyantoro (2001, kc. 307) pikeun narima hasil data kamampuh nulis.

3.3 Setting Panalungtikan

Setting panalungtikan ngawengku lokasi panalungtikan, subjék panalungtikan, jeung waktu ngalaksanakeun panalungtikan.

3.3.1 Lokasi /Tempat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMA Negeri 1 Singaparna, seméster genap taun ajaran 2016/2017. Lokasi panalungtikanana di Jl. Pahlawan KHZ. Mustofa Kecamatan Singaparna, Kabupatén Tasikmalaya.

3.3.2 Subjék Panalungtikan

Subjék panalungtikanana nyaéta sakabéh siswa kelas XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna kalayan jumlah 31 urang, nu ngawengku 9 urang siswa lalaki jeung 22 urang siswa awéwé. Ieu panalungtikan lumangsung dina seméster genap taun ajaran 2016/2017.

3.3.3 Waktu Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun ti bulan Januari 2017, anu diwincik saperti dina tabél ieu dihandap.

Tabél 3.1
Waktu Panalungtikan

No	Kegiatan	Waktu
1.	Pra-Siklus	10 Januari 2017
2.	Siklus I	20 Januari 2017
3.	Siklus II	27 Januari 2017

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu baris dilaksanakeun dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik obsérvasi jeung téhnik tés

a. Téhnik Obsérvasi

Kegiatan obsérvasi dilakukeun ku panalungtik jeung obsérver dina lumangsungna kegiatan diajar. Obsérvasi dilakukeun pikeun meunangkeun data ngeunaan rancangan ngagunakeun modél *Explicit Instruction* sangkan ngaronjatna kamampuh siswa dina nulis téks drama. Alat anu digunakeun dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan nyaéta lambaran padoman obsérvasi aktivitas guru, siswa, jeung lambaran tés.

b. Téhnik Tés

Tés nyaéta latihan anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa. Ieu tés dilakukeun ku panalungtik pikeun mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina pangajaran nulis téks drama ngagunakeun modél *Explicit Instruction*. Tés dilaksanakeun ngaliwatan tés tinulis dina unggal siklus pangajaran pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis téks drama kalawan ngagunakeun padoman peniléyan. Hasil tés digunakeun pikeun nempo ngaronjat henteuna kamampuh siswa salila lumangsungna kagiatan diajar di jero kelas.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta 1) lambaran obsérvasi guru, 2) lambaran obsérvasi siswa, jeung 3) lambaran tés.

3.5.1 Padoman Obsérvasi

Padoman obsérvasi nyaéta salasihiji instrumén anu digunakeun pikeun meunangkeun data dina panalungtikan. Dina ieu obsérvasi aya dua hal anu ditalungtik nyaéta padoman obsérvasi aktivitas guru jeung siswa.

3.5.1.1 Padoman Obsérvasi Aktivitas Guru

Obsérver niténan jeung ngaévaluasi panalungtik nalika keur ngajar salila lumangsungna kagiatan diajar di jero kelas. Format peniléyan aktivitas guru nu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa ditén dina tabél 3.1 ieu di handap.

Tabél 3.1
Lambaran Obsérvasi Aktivitas Guru

Wasta Obsérver	:	
Poé, Ping	:	
Waktu	:	
Standar Kompetensi	:	<i>Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam bentuk puisi, esai, dan teks drama.</i>
Kompeténsi Dasar	:	12.4.3 <i>Menulis teks drama</i>

No	Aktivitas	Aya	Henteu	Catetan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	Kegiatan Bubuka			
	a) Ngondisikeun kelas.			
	b) Ngabsén kahadiran siswa.			
	c) Apersépsi.			
	d) Ngamotivasi siswa sangkan sumanget diajar.			
	e) Ngajelaskeun tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal dina pangajaran nulis téks drama.			
2	Kegiatan Inti			
	a) Medar matéri drama.			
	b) Medar unsur-unsur drama.			
	c) Ngabimbing siswa dina merhatikeun tayangan video drama.			
	d) Ngabimbing siswa dina nulis téks drama sacara individu.			
	e) Ngecék pamahaman siswa dina matéri drama jeung méré réspon balik ka siswa.			
	f) Méré kasempetan latihan sacara tuluy-tumuluy.			
3.	Kegiatan Panutup			
	a) Ngondisikeun siswa.			
	b) Ngaévaluasi hasil pangajaran.			
	c) Guru méré tugas (PR).			

Keterangan: Béré tanda check list (√) dina kolom aya lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom henteu lamun teu katitén dilaksanakeun.

3.5.1.2 Padoman Obsérvasi Aktivitas Siswa

Obsérver niténan aktivitas siswa salila lumangsungna kagiatan diajar, format peniléyan aktivitas siswa nu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa ditién dina tabél 3.2 ieu di handap.

Tabél 3.2

Lambaran Obsérvasi Aktivitas Siswa

Wasta Obsérver :

Poé, Ping :

Waktu :

Standar Kompetensi : *Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam bentuk puisi, esai, dan teks drama.*

Kompeténsi Dasar : 12.4.3 Menulis teks drama

No	Aktivitas	Aya	Henteu	Catetan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	Kagiatan Bubuka			
	a) Nurut nalika dikondisikeun.			
	b) Ngaréspon data kahadiran.			
	c) Ngarti kana apersépsi anu baris dijelaskeun.			
	d) Kamotivasi sangkan sumanget diajar.			
	e) Ngarti kana tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal salila prosés pangajaran.			
2	Kagiatan Inti			
	a) Ngaregepkeun matéri drama.			
	b) Ngajawab pananya nalika ditanya ku guru.			
	c) Merhatikeun tayangan video drama.			
	d) Nulis téks drama sacara individu.			
	e) Nulis kalayan ngalarapkeun unsur-unsur dina drama.			

	f) Merhatikeun kana matéri pangajaran anu geus ditepikeun.			
	g) Nanya nalika dibéré kasempetan pikeun nanya.			
3.	Kegiatan Panutup			
	a) Nurut nalika dikondisikeun.			
	b) Mikanyaho kana kasalahan-kasalahan dina nulis téks drama.			
	c) Ngaréspon nalika guru méré tugas.			

Keterangan: Béré tanda check list (√) dina kolom aya lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom henteu lamun teu katitén dilaksanakeun.

3.5.1.4 Lambaran Tés

Lambaran tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés kamampuh mikir sacara kritis. Éta data dianalisis sarta hasilna digunakeun pikeun ngagambarkeun parobahan kamampuh aktivitas guru jeung siswa.

Lembaran tés dina ieu panalungtikan nyaéta paréntah anu kudu dikerjakeun ku siswa salila lumangsungna kagiatan diajar nulis téks drama.

Tés Nulis téks Drama

1. Pék ku hidep tongton tayangan video drama nu judulna “Kanyaah Kolot”!
2. Jieun karangan téks drama “Kanyaah Kolot” kalayan ngalarapkeun unsur-unsur dina drama!
3. Tulis téks drama kalawan nyaho kana tanda baca nu bener dina dialog nu ngandung mangpaat tur matak ngirut ceuk hidep!

Pikeun ngukur hasil tés nulis téks drama siswa, anapon padoman peniléyan pikeun nangtukeun tuntas henteuna peunteun kamampuh nu dipiboga ku siswa. Dina ieu panalungtikan, padoman peniléyan nulis téks drama dumasar kana rubrik peniléyan nulis (Nurgiyantoro, kc. 307).

Tabel 3.4
Padoman Peniléyan Nulis

No.	Unsur nu dipeunteun	Skor maksimum	Skor siswa
1.	Eusi gagasan anu diébréhkeun	35
2.	Organisasi eusi	25
3.	Tatabasa	20
4.	Gaya:pilihan struktur jeung kabeungharan kecap	15
5.	Éjahan	5
Jumlah		100

Keterangan:

Bobot = 100

Skor Idéal = 100

Skor = $\frac{\text{Bobot}}{\text{Bobot idéal}} \times \text{Skor Idéal}$

Katégori nilai dumasar KKM, bisa katitén dina tabél 3.5 di handap.

Tabél 3.5
Katégori nilai dumasar KKM

Nilai	Keterangan
≤ 75	tuntas
≥ 75	can tuntas

Padoman Skala Peniléyan

a. Eusi

Bobot 28-35 = Eusi téks drama geus sampurna pisan sarta ngirut kana ati.

Bobot 20-25 = Eusi téks drama geus sampurna sarta ngirut kana ati.

Bobot 11-17 = Eusi téks drama cukup sampurna tapi teu ngirut kana ati.

Bobot 5-10 = Eusi téks drama teu sampurna sarta teu ngirut kana ati.

b. Organisasi eusi

- Bobot 22–25 = Organisasi eusi anu digunakeun geus sampurna pisan
 Bobot 18–21 = Organisasi eusi anu digunakeun geus sampurna.
 Bobot 11–17 = Organisasi eusi anu digunakeun cukup sampurna.
 Bobot 5–10 = Organisasi eusi anu digunakeun teu sampurna.

c. Tatabasa

- Bobot 18–20 = Tatabasa anu digunakeun geus sampurna pisan.
 Bobot 14–17 = Tatabasa anu digunakeun geus sampurna.
 Bobot 10–13 = Tatabasa anu digunakeun cukup sampurna.
 Bobot 7–9 = Tatabasa anu digunakeun teu sampurna.

d. Gaya: Pilihan Struktur jeung Kandaga Kecap

- Bobot 10-13 = Pilihan struktur jeung kandaga kecap anu digunakeun éfektif alus pisan.
 Bobot 7-9 = Pilihan struktur jeung kandaga kecap éféktif.
 Bobot 4-5 = Pilihan struktur jeung kandaga kecap kurang éféktif.
 Bobot 2-3 = Pilihan struktur jeung kandaga kecap teu éféktif.

e. Éjahan

- Bobot 5 = Éjahanana euweuh kasalahan.
 Bobot 4 = Éjahanana aya kasalahan, tapi ngan saeutik.
 Bobot 3 = Éjahanana aya kasalahan.
 Bobot 2 = Éjahanana loba pisan kasalahan.

3.6 Analisis Data

Analisis data dilakukeun dina unggal siklus pikeun néangan jeung ngaronjatkeun tarékah anu dilakukeun guru dina kualitas hasil diajar. Analisis data dilaksanakeun ngaliwatan genep tahap saperti ieu di handap.

- a. Kegiatan ngawilah-wilah data luyu jeung fokus kana pasualan.
- b. Napsirkeun data anu geus diwilah-wilah dina wangun pernyataan.

- c. Nganalisis data nu mangrupa hasil tés nulis téks drama siswa dina unggal siklus pikeun mikanyaho hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.
- d. Nganalisis hasil obsérvasi aktivitas guru jeung siswa, sangkan dina siklus satuluyna bisa ngaronjat sacara hadé luyu jeung udagan nu rék dihontal.
- e. Ngalakukeun analisis kualitatif, nyaéta nyindekkeun ngaronjat henteuna hasil pangajaran anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan tina hasil obsérvasi kalayan babarengan jeung obsérver.
- f. Nyindekkeun hasil panalungtikan dumasar kana analisis hasil obsérvasi anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan sarta dijéntrékeun dina wangun kalimah pernyataan.